ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЕЙ ЛЫЗЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№12 (21.420) ● 2009 гъэм щІышылэм (январым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ хъыдокІ ● И уасэр сом 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м Кризисым пэщІэтыныжыкІэ и штабым

## Ухуэныгъэр къызэтрагъэувыІэнукъым

**КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щІышылэм и 20-м иригъэкІуэкІащ Кризисым пэщІэтыныжыкІэ штабым и зэІуущІэ. Абы зэрыщыжиІамкІэ, финанс Іуэхуэхэр дуней псом зэрыщызэІыхьар зэран хъунукъым дызыхьыхьа илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэхэр япэкІэ яубзыхуаз щыта планым тету ирагъэкІуэкІыжыныжыкІэ. Мы Іэнатіэр иджыпсту зэпІэзэрыгу мэлажьэ, лэжьакІуэхэр ІуагъэкІыркъым, абыхэм я улахуэмкІи щІыхуэ зэтрагъэхьэрэкъым.**

УХУЭНЫГЪЭМРЭ архитектурэмкІэ министр **Афэщіагъуэ Михаил** зэрыжиІамкІэ, инвестицэу кьызэщІагъэІуэхэмрэ подряд лэжьагъэхэмрэ 2008 гъэм ягъэмэщІа-къым. Дызыхьыха илъэсми абыхэм кІэрамыгъэхуну я мурадщ. Ухуэныгъэ езыгъэкІуэкІ компаниехэм дяпэ мазэ 6 - 9-кІэ зэлэжьын заказэхэр яІэщ.

Министрым кьызэрыхигъащамкІэ, а псоми къадэкІуэу, банкэхэм кредитхэр щаткІэ абыхэм щхьэщатыкІыкІ хуей процент бжыгъэм хагъэхъуащ, щІыхуэ къэзыщтэхэм ахъшэр япшынысыныжмкІэ яІэ Іэмалхэри кьызэрапщІэ щыкІэр ягъэткІиящ. А щхьэусыгъуэхэр зэран хъуну кьыщІэкІынущ цІыхухэм зэхьэмя я ахъшэкІэ ирагъэщІ псэупІэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным и лъэныкъуэкІэ. Афэщіагъуэ Михаил апхуэдэу кьиГэлъэгъуащ ахъшэм и пщІэм зэрыкІэрыхумрэ ипотекэ кредитыр нэхъ льапІэ зэрыхъумрэ лъэпощхьэпо нэхъыщхьэхэм ящьщу кьэувыну кьызэрилъытэр.

Кризисым и Жыр кьыщІимыхуу кьэнакъым ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр кьыщІэзыгъэкІ промышленностым. Абы и продукцэм кьыщІэупщІэхэр нэрылъагъу нэхъ мащІэ хъуащ 2008 гъэм и иужьрей мазэхэм. Ухуэныгъэм ирахьэлІэ материал нэхъыщхьэу республикэм и щІыбкІэ кьыщащІэхэхэм я уасэм кІэрыхуащ. Къапщтэмэ, цементымрэ металлымрэ процент 30 - 35-кІэ нэхъ пуд зэрыхъуам кьыхэкІыу бетоным, чырбышым, гъущІ-бетон пкъыгъуэхэм я уасэри нэхъ мащІэ хъуащ. Ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр кьыщІэзыгъэкІ промышленностым щьлажьэхэр нэхъ мащІэ ящІакъым, ауэ цІыхухэр ІуамыгъэкІын папщІэ унафэщІэхэм инженер-техникэ лэжьакІуэхэм я лэжьэгъуэ махуэр нэхъ кІэщІ ящІащ. Министрым быдэу жиІащ ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр кьыщІэзыгъэкІхэм цІыхухэр Іуагъэхьыну е предприятэхэм я лэжьэкІэр зэрахъуэкІыну мурад зэрамыІэр. Кризисыр хэщІыныгъэшхуэ ямыгъэнту кьызэрапхьэкІэ папщІэ, ахэр хущІэкъэнущ зыхуэфащэ уасэхэр тэмэму зэрагъэувыну.

«Прохладнэ» чырбыш-кьуэушьи завод» ОАО-м и генеральнэ директор **Докторов Николай** зэІуцІэм зэрыщыжиІамкІэ, мы предприятэм продукцэу кьыщІигъэкІыр процент 20-кІэ игъэмэщІэнкІэ хъунущ. ЗэкІэ заводым и лэжьакІуэхэр ІуагъэкІыркъым, ауэ лэжьэгъуэ махуэр нэхъ кІэщІ зэращІам кьыхэкІыу ику иту яту щыта сом мин 12-м и пІэкІэ улахуэр сом мин 9,8-м нэсу ямыгъэмащІэу хъуакъым. УнафэщІэр апхуэдэу тегуэзэвыхащ кредитхэм проценткІэ щхьэщатыкІ ахъшэм зэрыхагъэхуэм, энергием и уасэм зэрыхэхъуэм, а уасэхэр аванс ираты хуейуэ кьызэрыхуагъэувам.

«Отделочник» ООО-м и унафэщІ **Къультырбей Хьэчимк**ъыхилъхьащ ящІ псэупІэхэр уасэ пыухыкІакІэ кьэралыр кьыщІэуным и лъэныкъуэкІэ щыІэ Іэмалхэм егупсысыпхъэу.

Къанокъуэ Арсен акъылэгъу техьуащ газым и уасэр аванс ираты хуейуэ кьызэрыхуагъэувам бизнесым и Іуэхур икъукІэ гугъу кьызэрыщІынум: «Сэ кьызэрысІыгъэмкІэ, федеральнэ правительствэм лъэІуэкІэ зыхуэдгъэзэн хуейщ кризисым и лъэхъэнэм газ уасэр аванс Іамыхыу кьагъэсэбэпам тещІыхьауэ ирагъэтыну. Апхуэдэу къэдмыІэту хъунукъым предприятэхэр газым зэрыпадзэм папщІэ ят пщІэр гъэмэщІэнкІ е ар зэманкІэ защхьэщыхьауэ егъэтыным техууа лъэІу. С ыту жыпІэмэ, ящыныкъуэхэм деж Іуэхущіапіэр газым зэрыпадзэм щІатын хуей ахъшэр езы Іуэхущіапіэм и уасэм нэхъфэ нэхъыбэ щыхъу щІыІэщ».

ЩІауэ ящІ псэупІэхэр кьэралым кьыщхэчыну техуауэ кьыхалъхьар Президентым диныГъакъыкІэ: «Дэ тхуэзфІэкІыну кьыщІэкІынукъым зи щІыпІщІэр сом мин 20-м фІэмыкІ дэтхэнэ зы метр зэбгъуэзнатІэри сом мин 38-кІэ кьэтщэхуну. Дэ ящыгъуоІуэ бзнесым езым и ерыщагъкІэ ухуэныгъэхэм я уасэр дэгъэуеяуэ зэриІыгъ, а уасэм кІэригъэхуну зэрыхуэмейр, ауэ апхуэдэу зыми псэупІэ кьыщэхунукъым. Мы Іуэхум ехьэлІауэ ухуакІуэхэр кьэралым щІыщІугъын щыІэкъым, абыхэм сэбэп кьахуэхъунур уасэхэр тэмэму гъэувыныр, зэблэгъэкІынырщ».

## ІэнатІэншэхэм хэхъуэ яІэу, жылагъуэхэри зэІуузэпэщу

**Кризисым пэщІэтыныжыкІэ штабым и зэІуущІэм КЪБР-м Цыхуэхэр лэжьакІуэхэкІэ кьызэгъэпэщІныжыкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэрыщыжиІамкІэ, иджыпсту цІыхуэхэр куэду Іуэгъуэкі Іэнатіэхэр республикэхэм щыІэкъым. Лэжьапіэншэу зезыгъэтхауэ щыІэхэм я бжыгъэр нэгъабэ процент 21-кІэ е цІыху мини 6,3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. 2009 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу лэжьапІэ дэмыІэу учетым щытар цІыху мин 23,7-рэщ.**

АУЭ ЛЭЖЬЭФЫНУХЭМ ящыщу Іэнатіэ зимыІэхэр иджыри нэхъыбэщ, лэжьакІуэ кьэзыгъэльгъуэхэм нэхърэ. Цыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщІныжмкІэ кьулыкъым лэжьакІуэ хуейуэ ящІ зыкъызэгъэзэ Іуэхущіапіэхэм псоми зэхэту Іэнатіэ мин 18,9-рэ кьагъэлъэгъуати, абыхэм я процент 90-р зыкуэныкъуэр рабочэ Іэщіагъэхэр зиІэхэрт. А псоми къадэкІуэу лэжьапІэншагъэм и Іуэхур нэхъ кьэтІасхьэу хуежьащ. 2008 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу зы лэжьапІэ Іэнатіэм увыну щыІэ 11 3-рэ цыІамэ, илъэсым и кІэм абыхэм я бжыгъэр цІыхуи 8 ирикъужьртэкъым. Иджыпсту республикэм лэжьапІэ Іэнатіэу 3133-рэ нэщІу щыІэщ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей** жиІащ Налшык и коммунальнэ Іуэхущіапіэхэм лэжьакІуэхэр, кьапщтэмэ, пхъэнкІакІуэхэмрэ пхъэнкІийр дэзышэхэмрэ, кьаэзремэщІэкІыр, ауэ я Іэнатіэхэм Іутхэм кьалэжьыр курыт улахуэм нэхърэ нэхъыбэми, мы лэжьыгъэр зыгъэзэщІэну хуейхэр зрагъэтыркъым. Лэжьапіэншэхэм зэрыІэнатіэншэм папщІэ кьэралым и дзІэпыкъуэгъуэ кьыІахмэ нэхъ кьащтэ.

Лэжьапіэншэхэм я бжыгъэр дзэышІэным, кризисым пыщІа гугъуехьхэр кьэгъэтІэсхьэным сэбэп хуэхъуну кьалъытащ жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьызэгъэпэщІныр. Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэр кьызэрагъэпэщІущ щІыпІэ администрацэхэмрэ зыхуэфащэ предприятэхэмрэ ящІыгъу. Жылагъуэ зэжьыгъэхэм кьыхащэхэр кьагъэсэбэпынущ кьалэхэмрэ районхэмрэ я щІыналъэхэр зэІуузэпэщ щІыным, мэкъумылэ гъэхьэзырным, гъавэ Іухьыжным, псэупІэхэр ухуэным, фэтэрхэр, социальнэ-щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущіапіэхэр зэгъэпэщажьным, псэупІэ-коммуналынэ хозяйствэм зегъэужьным, санаторэ-курорт щІыналъэхэр зехьэным хуэунэтІащ.

Жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьызэзыгъэпэщхэм я кьалэнщ а Іуэхум кьэрашалІэ цІыхухэм нэхъ мащІэ дыдэу яГэуныкъуэ (сом 4330-м) и кІэ кьимыхуу лэжьапщІэ иратыну. Абы кьыдэкІуэу цІыхухэр лэжьапІэ кІэ зыкъызэпэщІныжмкІэ Іуэхущіапіэм абыхэм я лицевой счетхэм мазэ къэс яхуэхльхьэн хуейщ лэжьапІэншагъэкІэ ят дэІэпыкъуныгъэм хуэдэу зым (сом 850-рэ) кьыщыщІэдзэуэ тІум нэс (сом 1700-рэ). Цыхухэр жылагъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхэт зэманыр мазитІ хуэсу кьащтэ.

Кьанокъуэ Арсен щІыпІэ администрацэхэм чэнджэщ ящІ апхуэдэ Іэмалыр дэнэ щІыпІи кьыщагъэсэбэпыну икІи зыхуэфащэ кьулыкъущІэхэм я пщэ ирилъхьащ дэтхэнэ зы жылагъэми мы Іуэхур зэрыщІэзэрагъэувам езыр щыгъуазэ ящІыну.

«Мыр жылагъуэхэр гъэкъэбзэнкІи, зэІуузэпэщ щІыным хэунэтІауэ ирагъэкІуэкІыу щыта щэбэт щІыхьэхухэм пызыщэ Іуэху хъарзынэщ. Абы ипкъ иткІэ, нэхъ хуэныкъуэхэр мазитКІэ лэжьыгъэкІэ кьызыдогъэпэщ, дэтхэнэми мазэ лэжьапщІэу сом мини 6 хуэдиз иІэу, кьалэхэмрэ кьуажэхэмри зыхуэят худогъаз», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

**ХьэПЭ Маринэ,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я прес-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.*

### Урысейр доІэпыкъу

**Израилым и дзэр Гаэз секторым кърищыжащ.**

Иужьрей зманым дуней псор зыкІэлъыплъа Іуэху щынагъуэм щІыху куэд хэкІуэдащ, уІэгъэхэри мин бжыгъэ мэхъу. Урысей дохутыр гуп Палестинэм ягъэкІуащ, абы щылажьэ дохутырхэм ядІэпыкъун папщІэ. Гупым хьхьащ сабий дохутыр зыбжанэ, травматолог, хирург, уІэгъэхэмкІэ нэхъ Іэзэ дыдэхэр. ЗэрыжаІэмкІэ, Іэмалыщщэмэ, палестинэ сабийхэр Урысейм кьагъэІэпэхъуэну хьэзырщ, мыбы нэхъ тэмэму щеІэзэн папщІэ.

### Зэгъащіэ, Америк!

**США-м и президентыщІэ Обамэ Барак и къулыкъум зэрыгрымуауэ, Гуантанамэ тутнакъэщым и военнэ прокуратурэм и лэжьыгъэр щигъэтыну унафэ ящІащ, Иракымрэ Афганистанымрэ я Іуэхур зыІутым теухуауэ зэІуущІэ иригъэкІуэкІащ.**

Америкэнхэм быдэу я фІэщ мэхъу Обамэ фІы кьызэрыдэкІуэнур. Псом хуэмыдэу абы зи фэр фІыщІэхэр хуабжьу зэриГъэгъуфІэр зыми и дежкІэ щхъуу кьыщІэкІынкъым. «Дэ дыщыгугъэтэкъым тищыщ щІыху къэралым и нэхъыщхьэ хъуну, апхуэдэ гуфІэгъэуэ тлъагъуну. Нобэ дрогушхуэ Америкэм дызэрыщыщым. Зи фэкІэ фІыщІэ американцхэм даэзрыщыщым», - жаІэ абыхэм.

- Ди экономикэр гуфабжьу екуэхащ я ящыныкъуэхэм я щхьэхуэфІагъым и эрэнкІэ. Щыхубзэри зэхъуэкІынигъэхэм хуэхъэзыру си гугъэкъым, шынэ кьэзыщта куэд яхэтщи. ЗэфІэгъэкІын хуейуэ Іуэхугъуэ куэдыщэ кьыгтэщыльщ. Псори зэуэ тхуэлэжьыну кьыщІэкІынкъым, ауэ зэгъащІэ, Америкэ, ди Іуэхугъэр зэпэщ хъужьынщ! - жиІащ Обамэ Барак.

### Хьыбарышэ хъуахэр

**КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыкІуащ блэкъыкъыщ кхъухьыр нобэр кьыздэсым яГуэтыжьыкъым.**

Абы и экипажым урысу 12 хэтащ. Хаккайдэ и Іуфэм дежзи гугъу тщІы кхъухьым исахэм яхэта хьдэзэІ лІауэ кьыщащгъуэта ноужь, бдзэжьеящэхэм я лъэужьым теувэн мурад яІэу лъыхъуакІуэ гуп екьат, ауэ зыри кьикІакъым. Кхъухьр зейр Корее Ипщэм и компанеещ, ауэ Панамэм и бэракьым щІэтт. ЗэрыжаІэмкІэ, кьулдесызыгъэ зыдыса кхъухьыр щынагъэ щыхэхуэм дэІэпыкъуэгъу щІыщІэмыдлъэІуар хабзэм ебакъуэурэ бдзэжьей ещати аращ.

### Узым зеубгъу

**Приволжскэ-Уральскэ щыналъэм и тхьэмбылым щІыІэ хьыха (пневмонис) сэлэтхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми щыхохьуэ.**

Абы теухуауэ уголовнэ Іуэху зыбжанэ кьаІэтащ, командир 23-рэ жэуапым ирашэлІащ, цІыхуи 5-р я кьулыкъум трагъкІащ. Абыхэм яхэтщ сымаджэщым и унафэщІри. Я тхьэмбылым щІыІэ хьыхьауэ сымаджэщым ирашэлІат сэлэт 95-рэ. ТхьэмахутІ джІри, сэлэтхэм ящыщ зы дунейм ехьжащ. АбыкІэ кьуаншэр сэлэтхэм я узынышагъэр кьызыфІэмыІуэху командирхэмрэ дохутырхэмрэщ.

*ИТАР-ТАСС.*

♦Мы махуэр яп урысей революцэм и щІэдзапІэу кьалытэ. 1905 гъэм щІышылэм и 22-м пащтыкІыпдзэхэм Петербург щызэтраухІауэ щытащ зыкъызэІэту узрамхэм кьыдыхьа лъэкакІуэхэр.

♦ Калифорние штатым хьыхьа Лос-Анджелес кьалэм щекІуэкІынущ а къэралым киноискусствэмкІэ и академием и тыгъэ нэхъыщхьэр - «Оскаыр» - щатыну гуфІэгъуэ пшыхьыр.

♦ 1904 гъэм кьалъхуащ совет тхакІуэ, дзэ корреспондент, ныбжьыщІэхэм папщІэ тхыль куэд зытха **Гайдар А. П.**

**♦Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 36-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъи 2-м.**

**♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 26-рэ.**

*ИлъэсыпІэ зыхэхьэхьэрар* **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.**

Щэлэ ІуэрыІуэ:

**Блэр мэжей жыпІэу, и кІэм утемыувэ.**

● Мэкъумэш ІэнатІэм

## Нартыхугъэкіхэр зочэнджэщ

**Налшык, «Урысейм и мэкъумэшцентр» ФГУ-м и щІыналъэ къудамэм щыгъэхъащ «Нартыхур Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщІу зыфІаща семинар-зэІуущІ.**

АБЫ ХЭТАЩ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыщхьэхэмкІэ министерствэм и лыкІуэхэр, КъБНИИСХ-м щыщ щІэныгъэлІхэр, «Къэбалъкъгибрид» ООО-м, Прохладнэ ХПП-м, Тэрч гъавэ хьуманІэм, зэхьыхьэ щекІуэкІа кьудамэм куейхэм щиІэ Іуэхущіапіэхэм я унафэщІхэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ, бэджэндыдылажьэхэр.

Центрым и унафэщІ Блий Станислав кьызэригъэлъэгъуамкІэ, нартыкУ жылапхъэфІхэр гъэкІыным республикэм хэкъуэзауэ щелэжьныр зэтеубгъэкынымрэ гъэтІылъынІэ зимыІэщ. Щапхъэхэр кьихьурэ, абы зэпкърихащ Ищхьэрэ Америкэмрэ Европэмрэ абы щыхуащІ гулыытэр зыхуэдэр, а кьэкІыгъэр гъэбэгъэуным, куэду кьехьэлІэным кьэрал псом дежкІэ иІэ мыхьэнэр.

ЗэІуущІэм хэтахэр зэхьэжащ а кьэкІыгъэ берычэтым зэрелжьыхьхэмрэ иужьрей зэманым кьагупсыса технологие пэрытхэр кьызэригъэсэбэпыхьэ ІэмалхэмкІэ.

**ДЗЫГЪУЭЛ Роэз.**

● Налшык къалэ

## Кіэлъыплъыныгъэр ягъэткІий

управленэм кьызэрыщагъэльэгъуамкІэ, а ныкъуэныгъэхэм я нэхъыбэр зэхъэлІар хуимыту цІыху куэдыІуэ зэрырагъэтІысхьэщ. Нэгъуащ щІыпІэхэм апхуэдэхэм ткІийуэ щабгъэдыхьэми, маршрут таксим дэсу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэрым щылажьэхэм ар хабзэ яхуэхъуащ.

Ныкъуэныгъэхэм ящыщщ узыпхымыплъыф абдихэр зэрыхалъхьэр, автобусхэр кьабзэу зэрызэрамыкъэр, зытетын хуей гъэзэгум зэрытекІэр.

Кьэрал хэщІапІэхэм ящыщщ кьызэзыгъэпэщ предприятэхэм я унафэщІхэм хуагъэхьащ хабзэр кьызэпызыудаауэ тезыр зыхьыпхъэ шоферхэм ятеухуа тхьылъэр.

**КУБАДИЕВЭ Нуржан.**

● ЩІДАА

**2008 гъэм щышхьэІум и 23-м ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием (ЩІДАА) и зэІуущІэ екІуэкІам КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щыкъ зиІэ и гъэжьанІуэ, композитор цІэрыІуэ Молэ Владимир ЩІДАА-м хагъэхьащ. Абы и щыхьэт тхылъыр Владимир иритыжащ Адыгэ Академием и щІэныгъэ-секретарь нэхъыщхьэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэпльэ ЩхьэЭн.** *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихаш.*

## Хьэту Жамболэт и къулыкъур ехъуэж

● Хъыбар гуапэ

**Дыгъуасэ Краснодар щыналъэм и яз вице-губернатору хахащ Успенскэ районым и Щхьэхуэхуэ жылагъуэм щыщ адыгэлІ Хьэту Жамболэт, Щышналъэм и Хабзэгъэуэ Зэхуэсым и депутатхэм абыкІэ зэрэарзэшуэІэ яІэтащ.**



АРМАВИР къалэм и унафэщІ Хьэтур Сочэ и Іэтащхьэ кьаІэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэн хуейуэ нэгъабэ и жэпуэгъуэм ягъэкІуат. Иджы Кубаным и губернатор Ткачев Александр жиІащ ар и яп кьуэдзэу зэрагъэувыр. Й кьуэдзэр депутатхэм щаригъэщІыхум, абы кьыхигъэщащ Хьэту Жамболэт Сочэ и унафэщІ къулыкъум хьарзынэу зэрыпэлъэщар.

«Краснодар щыналъэм нобэ кьыпэщІу Іуэхугъуэхэм ар пэлъэщынущ, финанс кризисым и щытыкІэхэр къэтІылытэмэ, нэгъэщІ щыху а къулыкъум папщІэ дыльхьэн хуейкъым», - жиІащ Ткачев Александр.

Хьэту Жамболэт илъэс 46-рэ и ныбжьщ. 1979 гъэм курыт еджапІэр кьиуха нэужь, потребкооперацэм щылэжьащ. Москва щыІэ кооперативхэр институтыр, Лъэпкъхэм я зэнхьбжьгъуэ орденыр зезыхьэр, 1984 гъэм кьиухри, экономист-кьызэгъэпэщакІуэ Іэщіагъэр игъуэтащ. 1997 гъэм абы потребкооперацэм и унаеритету Белгород щыІэри кьиухащ, юрист Іэщіагъэ игъуэтаящ. 2002 гъэм щышІэдзэуэ Кубаным и Успенскэ районым и Іэтащхьэу лэжьащ. 2006 гъэм и накьыгъэм Армавир и Іэтащхьэ кьулыкъур пІалъэкІэ кьыщІалъхьат. А гъэ дыдэм и жэпуэгъуэм а кьулыкъум хахат.

Хьэлэлу зэрылажьэм кьыпэкІуэу Хьэту Жамболэт хуагъэфэщащ Урысейм и потребкооперацэм, Краснодар щыналъэм я дамыгъэ, медаль зыбжанэ.

Австриеми адыгэхэр щопсэу

АДЫГЕЙ. ***Республикэ телеканалым кьызэритамкІэ, абы и журналистхэр йолэжь Австриеми щыпсэу адыгэхэм ятеухуа, сыхьэтипщкІэ екІуэкІыну нэтыным.***

«АДЫГЭХЭР кьэрал куэдым щопсэу. Ди проектыр нэхьыбэу зыхуэгъэпсар ди зэпыщІэныгъэр гъэбыдэныр, зегъэужьныр, бзэр, хабзэр, щэнхабзэр абыхэм яІэщІэмыгъэхуныр. Апхуэдэ мурадкІэ дэ дыщыІащ Германиеи, Франдзыи, Израилыи, Иорданыи, Тыркуми. Дэнэ щыпІэкІи гуапэу дыщрагъэблагъэ. Иджы чэзур Австрием лъысащ. Ди нэтынхэм ящыщу пычыгъуэ зыбжанэр а къэралым и щІыпІэ дахэхэм ятеухуауэ щытынущ. Австриеми иджыпсту адыгэу цІыху минищым нэблагъэ щопсэу, псори Тыркум кьикІауэ. Абыхэм я адэжь хэкур зэи ильэгъуакъым, узыщыгуфІыкІынщ. Венэ къалэм Адыгэ Хасэ кьыщызэрагъэпэщауэ зэрылажьэр», - жиІащ Адыгейм и ГТРК-м и унафэщІым и къуэдзэ ТІэш Светланэ.

Адыгейм и тележурналистхэм я мурадщ Австрием и ужькІэ Америкэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхуеблэгъэну, абыхэм ятеухуа нэтын гъэщІэгъуэнхэр яГэхъэзэрыныр. Кьыхэзгъэщынщи, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм хуаІэ пыщІэныгъэм зегъэужьныным, ар гъэбдзэным теухуа республикэ программэ 2009 - 2011 гъэхэм лэжьэну Адыгейм япэу иджыблагъэ кьыщащтащ. ЩІыпІэ бюджетым абы хуэхиныжу сом мелуани 3,8-м нэблагъэ.

Абхъазым дэІэпыкъун папщІэ

АБХЪАЗ. ***«Интер РАО ЕЭС» компанием и правленэм и унафэщІ Дод Евгений лэжьыгъэ Іуэхукіэ иджыблагъэ Сыхьэм щыІащ.***

ДОДЕвгений яІуІащ щІыналъэм и Президент Бэгъэпщ Сергей, щІыпІэ правительствэм хэтэм. Ахэр тепсэлъыхьащ энергетикэ ІэнатІэм Абхъазым зыщегъэужьныным теухуа Іуэхугъэхэм, лэжьакъуитІыр зэрызэдэлэжьну щІыкІэм, нэгъуэщІхэмри.

**ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Узыншагъэ

## Я деж куэд щызэфІагъэкІ

**Къамылыкъуэ, Совхознэ къуажэхэм дэт амбулаторэхэм иджыблагъэ медицинэ Іэмэпсымэщ Іэхэр яІэрыхьащ.**

ИДЖЫ я дзэм ирагъэлажьэн щхьэкІэ, къамылыкъуэдесхэр дяпэкІэ район центрым кІуэнукъым, абы епха Іуэхугъуэ псори я деж щызэфІагъэкІынущ.

Совхознэм щагъэувар физиотерапевтическэ Іэмэпсымэщ. ЖылагъуитІым я амбулаторэхэр апхуэдэ ІэмэпсымэхэмкІэ хъэзэрэпэщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Дзэлыкъуэ районым щыкІуам ищІа пщэрыльым ипкъ иткІэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**
*Дзэлыкъуэ куей.*

## Лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ

«АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, «Малкэ» ООО-м лизингкІэ зыІэригъэхьащ К-744 трактор-рэ КамАЗ автомашинэу 4-рэ. Езым и мылъкукІэ «Дон-1500Б» комбайнэм хуэдэу 2 кьищэхуащ, МТЗ-82 трактор-рэ 2 лизингкІэ кьыхуэжІуэну йожьэ.

Мэкъумэш Іуэхущіапіэм и унафэщІ Быф Сеф зэрыжиІэмкІэ, лъэпкъ проектыр кьызэрыхалъхьам фІы кьрокІуэ, щхьэщатыкІ щагъуэ щымыІэу зыхуей техникэр зыбзрагъэхьэф.

Хозяйствэм гъавэ щапІэу гектар 1300-рэ бэджэнду иІыгащи, егугъуу зэрехьэ, кьэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щолэжь. Кьапщтэмэ, нэгъабэ гектари 100-м щызэрахьа бжьыхьэсэ гуэдзым дэтхэнэми хуэзэу ику иту центнер 55-рэ кьытрахащ. Нартыхур гектар 980-м, сэхуранар - 230-м щагъэкІати, ахэри хьарзынэу кьахуэхъащ. Нартыхум гектарым хуэзэу гектар 60, сэхуранум 20 кьытекІащ.

Мы гъэм бжьыхьэсэ гуэдзым гектар 450-рэ хухахащ, адрейхэр щыІэрысу яващ.

**БЭДЖРЭТ Залинэ.**

Экономикэ | Политикэ

# Махэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

**Уфэ-м и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимир телевидиденэкІэ щІыхъуэ щепсатым нбзыщІакъым дунейпсо экономикэ кризисым и эрамкІэ ди къэралым и лэжьапІэ щІыхэр и жьыбз зэрыщІыхьуныр. Аращ нобэ ди нэгу щІэкІри. Абы кІыхьжІыу кІалэныщІэ хэр ди къэралым кІыхьудэкІащ: щІыхъэм Іэщіагъэщіэхэр зрагъэгъэупхъэщ, профсоюзхэр лэжьакІуэхэм кІаш-хъэщыжьыпхъэщ. Куэд хуэхъэзыру щытыпхъэщ и хунтынытхэр зэрахъуэжьыным, пСэУкІэщІэзэхъущтыкІэщІэжьм зэрыхъэзгъэныр.**

ЦІЫХУХЭР лэжьыгъэкІэ кІызэгъэпэщыным хуэхэа Іуэхуищапіэхэу УФ-м и щІыналъэ щхьэхуэхэм щыІэхэм щыгъуазэ дызэращІамкІэ, мы эманым зи лэжьапІэм Іуагъэкіхэр щынэхъыбэщ Красноярск крайм, Свердловск, Самарэ областхэм. И жьыбзу лэжьапІэншэу кьаи эхэр юристхэрщ, банк Іэщіагъэлэіхэрщ, трейдерхэрщ, менеджерхэрщ.

УФ-м и Профсоюз Щхьэхунтхэм я Федерацэм и Іэтащхьэ Шмаков Михаил кІызэрилытэмкІэ, профсоюзхэм я кІалэн нэхъыщхьэр лэжьыгъэ законодательствэр унафэщІхэм кІыхьэпамыдыныр, рабочэхэм, мэкъумэщышІэхэм, Іэщіагъэлэіхэм я хунтыныгъэхэр хъумэныр кІызэгъэпэщыныр, «Забастовкэ» жьыуаІэхэм иджыпсту я мыхьэнэр ехуэхащ. И жьыбгІыр (Іэжьыгъэ юдексыр гъэзэщІэным теухуаеу эзэгъэзэныр, Унафэщіхэм фІыуэ я къагурыІуапхъэщ зи гугъу тщІа кодексым кІынгъуэхэр кІхъымытыкІэ, зы-мыгъэзащІэ кІуІыкІыуэхьэхэм апхуэдэ кІуаныгъэхэр кІаэзэрыщІэмыкІыуэныр.

Абы и щыхьэтщ, кІэбгъэлІыгъэуэ, Кемеровскэ областым и шахтерхэр зи мычъэу отпуск яГькІыуэ, зы кІэпІейкІи ахъшэу кІрамыту эзэрыщІадзар унафэщІэхэм зэрыщыхуамыдар, чэзу-чэзуКІэрэ отпуск зратхэм я упхуэм и Іыхьэ щанитІыр кІратын хуейуэ хабзэ бІыдэ зэрыхуэпэ гъуэгур сыткІэ нэхьыфІыну нэгъуэщІхэм хъхьрэ? Хьэмэрэ ахэр приватизацэ щІыпмкІэ нэхъ тыш хуэну пІэрэ?

**Дорошинэ Л.**
*Архангельск область.*

УФ-м транспортымкІэ и министр **Левитин Игорь** жеІэ:

- ХЬЭУЭ, АХЪШІэ эщщІатурэ кьыщащІухь гъуэгуфэр унафэщІ **Успенский Глеб** жеІэ:

- МЫ ЗЭМАНЫМ тхьлъ щапІэхэм щытпІагъур хьэдэгъуэдах эщ. Тхьлъыр эщщэхэм щхьэзыфІэфІу уасэхэр яГъуэ. Совет лъэхьэнэм зэрыщытам ху эдэу, тхьлъ хэм я уасэхэр Іупщіу тетхатэмэ, ар кьаухущхьэпэнчт кьыдэзыгъэнІкІэмэ, тхакІуэхэмэ, щэхуакІуэхэмэ.

Хабзэ мыхъумыщІэ зэрыхъуащи, тхьлъыр кьыдэзыгъэнІкІэм яІэрохь тыкуэным щащІэхэм кьыщІэжІа ахьшэм и процент 40-р. Зытхам зэращэ уасэм кьыхэжІыну процент зыбжанэ льагъэс. Зэрыщытын хуейр нэгъуэщІут Псалъэм папщІэ, тхакІуэм и гонорарыр оптовэ уасэм тещІыхьащІуэ уб эщІуэщІ.

БжьыбгъэхэмкІэ бзэнкІэ жьипІэмэ, псалъэм папщІэ, напэкІуэцІ 250-рэ хьу, минищ хуэдизу кьыдагъэкІа тхьлъым зэреплъыр мыпхуэдэущ:

- ДАГЪЭ, щІэ зыхьэпІэ ерыскъым, пцІыр сыткІэ щхьэпэ, уигъэхуэбэнущ, Ауэ быдымыщІэр зэранщ. Нэхъ кьыхэхьапхъэр бдзэжьейм е къэкІыгъэм кьыщІэкІарщ, кьэуат щІэльщ, хуэм дыдэурэщ уи Іэпкьлъэпкъым зэрригъэткІуеи. Фадэм и «кьаур» псынщІэ дыдэу мэкІыедри, щІыІэм дахэдахэу ущихъумэфырыкъым.

Пэжщ, папщэщи, пІыщІэ щІыхуэхэр щІыІэщ. Абыхэм я Іэпкьлъэпкъыр йодым хуэныкьуэщи, нэхъыбэрэ яшхыпхъэщ бдзэжьей зэмылІэжьыгъуэхэр.

**- ЩІыІэр кьыІэзрыщу, дохутырхэм кьыджаІэу щІадзэ пыхуэсыхуэм зыщытхъуэм, сымаджэ дымыкьым щхьэкІэ мастэ зыхедгъэІэун хуейуэ. Поликлиникэм сыкІуат а Іуэхум теухуаеи дохутырхэм «пхэТІунщ мастэ», ауэ абы пщІэ щІэптын хуейщи - кьыжаІащ. Ахэр зауэ?**

**Тимошенкэ Б.** *Москва.*

- УФ-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм кьызэрыщыджамкІэ, пыухуэхур кьемыуэлІэн щхьэкІэ пщІэнщэу мастэ зыхаІупхъэхэр мыпхуэдэ цІыхуэхэращ: сабий садхэм (яслъэхэм) щыІэхэр; ягъэ-епщыкІэу зэнІэ классхэм щІэсхэр, Іэщіагъэ щызэрагъэгъуэт еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, пыухуэсыхэр зыпкьрыхьэнкІэ щынагъэ зиІэ Іэщіагъэлэіхэр (егъэджэныгъэм, медицинэм, транспортым, псэупІэхэм епха Іу эхутхьэбзэхэр зэфІэзыхь лэжьакІуэхэр); зи ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэхахэр.

**- Щакъуэ эм хуэдэу, тхылъхэм я уасэмэ зиІэт зэпытщ. Ар сыт кьызыхэкІыр?**

**Сафронов В.** *Москва.*

«Вагриус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ **Успенский Глеб** жеІэ:

- МЫ ЗЭМАНЫМ тхылъ щапІэхэм щытпІагъур хьэдэгъуэдах эщ. Тхылъыр зыщэхэм щхьэзыфІэфІу уасэхэр яГъуэ. Совет лъэхьэнэм зэрыщытам ху эдэу, тхылъ хэм я уасэхэр Іупщіу тетхатэмэ, ар кьаухущхьэпэнчт кьыдэзыгъэнІкІэмэ, тхакІуэхэмэ, щэхуакІуэхэмэ.

Хабзэ мыхъумыщІэ зэрыхъуащи, тхылъыр кьыдэзыгъэнІкІэм яІэрохь тыкуэным щащІэхэм кьыщІэжІа ахьшэм и процент 40-р. Зытхам зэращэ уасэм кьыхэжІыну процент зыбжанэ льагъэс. Зэрыщытын хуейр нэгъуэщІут Псалъэм папщІэ, тхакІуэм и гонорарыр оптовэ уасэм тещІыхьащІуэ уб эщІуэщІ.

БжьыбгъэхэмкІэ бзэнкІэ жьипІэмэ, псалъэм папщІэ, напэкІуэцІ 250-рэ хьу, минищ хуэдизу кьыдагъэкІа тхылъым зэреплъыр мыпхуэдэущ:

- ДАГЪЭ, щІэ зыхьэпІэ ерыскъым, пцІыр сыткІэ щхьэпэ, уигъэхуэбэнущ. Ауэ быдымыщІэр зэранщ. Нэхъ кьыхэхьапхъэр бдзэжьейм е къэкІыгъэм кьыщІэкІарщ, кьэуат щІэльщ, хуэм дыдэурэщ уи Іэпкьлъэпкъым зэрригъэткІуеи. Фадэм и «кьаур» псынщІэ дыдэу мэкІыедри, щІыІэм дахэдахэу ущихъумэфырыкъым.

Пэжщ, папщэщи, пІыщІэ щІыхуэхэр щІыІэщ. Абыхэм я Іэпкьлъэпкъыр йодым хуэныкьуэщи, нэхъыбэрэ яшхыпхъэщ бдзэжьей зэмылІэжьыгъуэхэр.

**- ЩІыІэр кьыІэзрыщу, дохутырхэм кьыджаІэу щІадзэ пыхуэсыхуэм зыщытхъуэм, сымаджэ дымыкьым щхьэкІэ мастэ зыхедгъэІэун хуейуэ. Поликлиникэм сыкІуат а Іуэхум теухуаеи дохутырхэм «пхэТІунщ мастэ», ауэ абы пщІэ щІэптын хуейщи - кьыжаІащ. Ахэр зауэ?**

**Тимошенкэ Б.** *Москва.*

- УФ-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм кьызэрыщыджамкІэ, пыухуэсыхэр кьемыуэлІэн щхьэкІэ пщІэнщэу мастэ зыхаІупхъэхэр мыпхуэдэ цІыхуэхэращ: сабий садхэм (яслъэхэм) щыІэхэр; ягъэ-епщыкІэу зэнІэ классхэм щІэсхэр, Іэщіагъэ щызэрагъэгъуэт еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, пыухуэсыхэр зыпкьрыхьэнкІэ щын